



Pou Piblikasyon Imedya: 25/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI POU PWOTEJE ENFÒMASYON PRIVE
NOUYÒKÈ YO GEN NAN MEN KONPAYI NOTASYON KREDI YO**

***Gouvènè a Bay Depatman Sèvis Finansye a Lòd pou yo Pibliye yon Règleman
Final Ki Egzije Ajans Notasyon Kredi yo pou yo Konfòme yo a Règleman
Sekirite Enfòmasyon New York la ki se tou Premye Règleman Konsa a nan
Nasyon an***

***Règleman an ap Bay New York Otorite pou Sipèvizaj Ajans k ap Bay Rapò sou
Kredi yo Pou Lapremyè Fwa a***

***Sirentandan DFS la gendwa Rejte, Revoke oswa Sispann Otorizasyon Ajans sa
yo Genyen pou yo Fè Biznis avèk Enstitisyon Finansye ak Konsomatè
New York Reglemante yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) te pibliye yon règleman final pou pwoteje Nouyòkè yo kont menas vyolasyon done nan ajans k ap bay rapò sou kredi yo, tankou vyolasyon Equifax la ki te ekspozè done pèsonèl prive anpil milyon Nouyòkè. Nouvo règleman an, ki enkòpore kòmantè yo te resevwa pandan peryòd kòmantè piblik la, ki egzije ajans k ap bay rapò sou kredi yo ki gen operasyon konsiderab nan New York yo pou yo enskri nan DFS pou lapremyè fwa epi pou yo respekte estanda sekirite enfòmasyon ki se tou premye règleman konsa a nan nasyon an. Obligasyon pou bay rapò chak ane a, ap bay Sirentandan DFS la otorite tou pou l refize, sispann, e menm potansyèlman revoke otorizasyon ajans k ap bay rapò sou kredi konsomatè sa yo genyen pou yo fè biznis avèk enstitisyon finansye ak konsomatè New York reglemante yo, si DFS panse yon ajans pa konfòme li avèk sèten pratik yo entèdi yo, tankou pa egzanp fè pratik malonèt, mansanjè oswa predatè.

“Pandan gouvènman federal la ap afebli pwoteksyon konsomatè yo, New York ap ranfòse yo avèk nouvo estanda sa yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sipèvizyon ajans k ap bay rapò sou kredi yo asire ke enfòmasyon pèsonèl prive Nouyòkè yo mwens vilnerab fas a menas atak enfòmasyon yo, sa k ap ofri yo lapè nan tèt sou avni finansye yo.”

Daprè nouvo règleman an, tout ajans k ap bay rapò sou kredi 1,000 konsomatè New York oswa plis nan ane ki sot pase a, dwe enskri chak ane nan DFS apati oswa anvan

1ye Septanm 2018 epi disi 1ye Fevriye chak ane siksesif pou ane sivil apre sa yo. Fòmilè enskripsyon an dwe gen ladan non ofisyè oswa direktè ajans ki pral an chaj pou asire ke ajans lan konfòme l a lwa ki egziste sou sèvis finansye, lejislasyon bankè, ak lwa sou asirans, ansanm ak règleman yo.

Sirentandan Sèvis Finansye a, Maria T. Vullo te di, “Vyolasyon done Equifax la montre ke li absoliman nesèsè pou gen règleman eta solid, tankou règleman sekirite enfòmatrik New York la ki se tou premye règleman konsa a nan nasyon an, pou pwoteje mache, konsomatè ak enfòmasyon sansib New York yo kont atak enfòmatrik. Sipèvizyon DFS ap bay ajans k ap bay rapò sou kredi yo pral ede asire ke done pèsonèl konsomatè New York yo mwens vilnerab a atak enfòmatrik nan mond dijital sa a, pou nou ka anpeche plis vyolasyon enfòmasyon finansyè konsomatè yo”.

Manm Asanble Matthew J. Titone, ki se Prezidan Komite sou Zafè ak Pwoteksyon Konsomatè a (Committee on Consumer Affairs and Protection) te deklare, “Etandone entèkoneksyon endistri sèvis finansye a ak potansyèl pou danje konsomatè ak enstitisyon finansyè nou yo gendwa konfwonte anba atak enfòmatrik yo ak lòt vyolasyon done yo, règleman sa a pral ede ofri sipèvizyon ak pwoteksyon ke konsomatè atravè New York yo byen bezwen”.

Sirentandan DFS gendwa refize pou l renouvle enskripsyon yon ajans k ap bay rapò sou kredi si Sirentandan twouve ke aplikan oswa nenpòt manm, prensipal, ofisyè oswa direktè aplikan, te, pami lòt bagay ankò:

- Vyole nenpòt lwa sou asirans, sèvis finansye, oswa lejislasyon bakè oswa yo te vyole nenpòt règleman, asinyasyon a konparèt, oswa yon òdonans Sirentandan te bay oswa yon asirans eta a oswa komisè bank oswa nenpòt lòt ajans eta oswa federal ki gen otorite pou yo reglemante ajans k ap bay rapò sou kredi yo, oswa yo te vyole nenpòt lwa nan pwosesis yo jere kapasite konsa a;
- Paske yo pa konfòme yo ak egzijans règleman an yo, ki gen ladan men pa sèlman a, seksyon 201.07 la ki konsène sekirite enfòmatrik la;
- Itilize pratik fwodile, fòse, oswa malonèt; oswa
- Bay enfòmasyon ki materyèlman enkòrèk, materyèlman mansonjè, materyèlman enkonplè oswa materyèlman fo nan aplikasyon enskripsyon an.

Règleman an soumèt ajans k ap bay rapò sou kredi konsomatè yo a kontwòl DFS tou, osi souvan ke Sirentandan an detèmine sa nesèsè, epi li entèdi pou ajans sa yo, amwenske lalwa federal la prevni l:

- Dirèkteman oswa endirèkteman fè konplo oswa sèvi avèk aparèy osinon zouti pou vòlè oswa twonpe yon konsomatè;
- Angaje nan nenpòt zak oswa pratik enjis, monsonjè oswa predatè anvé nenpòt konsomatè;
- Malreprézante oswa pa mete nenpòt materyèl enfòmasyon ki gen koneksyon ak asanble, evalyasyon, oswa antretyen yon rapò sou kredi pou yon konsomatè New York;

- Patisipe nan nenpòt aksyon enjis, mansanjè, oswa abizif ki an vyolasyon nan Lwa Dodd-Frank sou Refòm Wall Street ak pou Pwoteksyon Konsomatè a (Dodd-Frank Wall Street Reform and Consumer Protection Act);
- Pa konfòme yo ak dispozisyon lwa federal ki gen rapò ak presizyon enfòmasyon yo nan nenpòt rapò konsomatè ki gen rapò ak yon konsomatè New York;
- Refize kominike avèk reprezantan otorize yon konsomatè New York ki bay yon otorizasyon alekri ke konsomatè a te siyen, ki gen sèten dispozisyon;
- Fè nenpòt deklarasyon fo oswa fè nenpòt omisyon konsènan yon detay enpòtan an rapò avèk nenpòt enfòmasyon oswa rapò ki depoze nan yon ajans gouvènmanal, oswa an rapò avèk nenpòt ankèt Sirentandan an oswa yon lòt ajans gouvènmanal ap fè.

Anplis de sa a, chak ajans k ap bay rapò sou kredi yo dwe respekte règleman sekirite enfòmasyon Depatman an, kòmanse apati 1ye Novanm 2018 konfòmman ak kalandriye yo enkli nan règleman final la. Règleman sibèsekirite DFS mande pou bank yo, konpayi asirans, ak lòt enstitisyon sèvis finansye DFS kontwòle, gen yon pwogram sibèsekirite ki fèt pou pwoteje done prive konsomatè yo; yon règleman oswa plizyè règleman alekri ki apwouve pa yon konsèy oswa yon ofisye wo grade; yon Chèf Sekirite Enfòmasyon pou ede pwoteje done ak sistèm; epitou kontwòl ak plan an plas pou ede asire sekirite ak solidite endistri sèvis finansye New York yo. Règleman sekirite enfòmasyon DFS la egzije tou pwoteksyon done ki soti nan vandè tyès pati yo ak depozisyon yon sètifikasyon konfòmman anyèl ak DFS.

W ap jwenn yon kopi règleman final la [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)